

Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE MOUN NEW YORK YO POU YO PRAN PREKOSYON
PLISKE AVÈTISMAN POU TANPÈT IVÈNAL YO RETE AN VIGÈ AKOZ GWO NÈJ
KI GEN EFÈ LAK YO**

***Rejyon Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral ak North Country Pral
Afekte rive jis nan Samdi Maten***

***Li Posib pou gen 8-14 Pous Nèj nan Rejyon Lwès New York; Li Posib pou gen
16-24 Pous Nèj nan North Country ak New York Santral***

Govènè Andrew M. Cuomo te egzòte moun New York yo jodi a pou yo prepare pou nèj ki gen efè lak yo nan Rejyon Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral ak North Country ki ap dire rive bonè nan Samdi maten. Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service) te mete Avètisman pou Tanpèt Ivènal yo an vigè pou rejyon sa yo pandan peryòd sa a, avèk ant 8-14 pous nèj ki posib nan Rejyon Lwès New York ak 16-24 pous nèj ki posib nan North Country ak New York Santral.

“Menm si klima ivènal yo pa anyen ki nouvo pou lapli moun New York, yo prevwa ke tanpèt sa a ki ap vini an pral kreye kondisyon metewo ak vwayaj ki potansyèlman difisil akòz gwo nèj ki gen efè lak yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen egzòte moun New York yo pou yo rete enfòm epi pran tout prekosyon pandan tanpèt sa a ap kontinye. Nou pral kontinye siveye sityasyon sa a de prè epi prepare pou asiste patnè lokal nou yo jan sa nesèsè.”

Yon avètisman pou tanpèt ivènal an vigè depi Jedi pase, ke yo prevwa pou jiska Samdi maten nan Rejyon Lwès New York kote akimilasyon nèj yo ka rive ant 8-14 pous. Pòsyon nò rejyon Finger Lakes ak New York Santral la, ansanm ak pòsyon lwès North Country a ka resevwa ant 16-24 pous nèj soti vandredi swa rive bonè samdi maten.

Moun New York ta dwe prete yon atansyon espesyal ak rapò tan yo pou rete ajou ak dènye enfòmasyon yo. Anplis, Sèvis Metewo Nasyonal la te deja pibliye siveyans, avètisman ak avi meteyo pou inondasyon ak klima ivènal yo pou plizyè diferan rejyon nan eta a. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la. New York prè pou l deplwaye pèsònèl ak ekipman Softaj nan Dlo Viv si asistans eta a nesèsè.

Vwayaje ansekirite

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo poutèt glas kapab fòme la pi vit pase sou wout yo.

- Fèy mouye yo sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Pa eseye kondi sou wout ki inonde – vire tounen epi ale nan yon lòt direksyon. Dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou pon.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Anplis de sa, prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye pou w kanpe epi kite plis distans ant machin yo, rete plis an eta dalèt epi sonje konjè yo ka rann li difisil pou wè timoun piti yo. Anplis, toujou akòde vitès ou ak kondisyon wout la epi tan.

Li enpòtan pou chofè machin yo sou tout wout konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Preparasyon Ajans

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a prè pou yo reponn avèk 1,569 gwo kamyon chasnèj, ki gen ladan 93 kamyon derezèv.

Anplis de sa, Depatman an gen 49 gwo kamyon chari remòkaj, 325 gwo chajè, 38 souflez anèj, 19 nivelez, 200 pikòp mwayen ak pikòp ki gen chari, 35 kamyon semi-remòk, ak 375,000 tòn sèl ki disponib. Yo pral deplwaye ekipman sa a, ansanm avèk prèske 3,900 operatè ak sipèvizè, toupatou nan eta a jan sa nesèsè alavans tanpèt ivènal yo pou ede pwoteje wout yo.

An plis, 20 gwo kamyon chasnèj, 40 operatè ak senk sipèvizè, kat enstwiiktè operatè ekipman, de mekanisyan ak de pèsònèl sipò sistèm kòmand pou ensidan.

- New York Santral: Rejyon an ap resevwa senk gwo kamyon chasnèj, dis operatè, de sipèvizè, ak yon pèsonèl sipò sistèm kòmand pou ensidan ki ap soti nan Rejyon Mid-Hudson, Southern Tier ak Rejyon Kapital.
- Rejyon Lwès New York: Rejyon an ap resevwa dis gwo kamyon chasnèj, 20 operatè, kat enstwiktè operatè ekipman, de sipèvizè, ak yon pèsonèl sipò sistèm kòmand pou ensidan ki ap soti nan Southern Tier ak Rejyon Kapital.
- North Country: Rejyon an ap resevwa senk gwo kamyon chasnèj, dis operatè ak yon sipèvizè ki ap soti nan Mohawk Valley.

Yo ap raple otomobilis yo pou yo verifye [511NY](#) anvan yo vwayaje oswa pou yo telechaje [aplikasyon mobil la](#). Sèvis gratis la pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo epi li gen yon sistèm alèt pou depasman pandan ivè a ki gen rapò an tan reyèl pou vwayajè ak yon kat avèk kòd koulè ki endike ki wout nan eta a ki lib, mouye oswa kouvri avèk lanèj. Sistèm nan ofri otomobilis yo yon resous itil pou detèmine si se yon bon lide pou deplase.

Semèn pase a, Gouvènè a te anonse tou Depatman Transpò Eta a te lanse yon nouvo kanpay sansibilizasyon piblik pou pwomouvwa fason pou moun kondi avèk prekosyon nan kondisyon ivènal yo. Yon nouvo [sitwèb](#), videyo ak kanpay rezo sosyo yo pral ankouraje otomobilis yo kondi avèk prekosyon nan kondisyon nèj ak glas yo, epi l ap vrèman ankouraje chofè yo pou yo bay chasnèj yo ase espas pou yo ka fonksyone yo an tout sekirite.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 664 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 244 gwo chas nèj, 127 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 55 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 108,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou nan imèl TRANSalert, sa ki bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout Thruway lan, gras a lyen sa a: www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml. Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan [@ThruwayTraffic](#) oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Li enpòtan pou chofè sou tout wout konnen chas-nèj woule nan vitès jiska 56 kilomèt pa èdtan — sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki endike a — pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout la. Kote ki pi pa gen danje pou chofè yo se dèyè chas-nèj yo kote wout la klè ak sale.

Lapolis Eta New York (New York State Police)

Lapolis Eta New York la pare pou deplwaye patwouy adisyonèl nan zòn ki afekte yo pandan tanpèt la jan sa nesèsè. Yo pral deplwaye tout veyikil patwouy kat pa kat yo

epi tout veyikil espesyalite yo, ki gen ladan yo motonèj ak Veyikil Sèvis Piblik yo, deja an pozisyon epi yo pare pou deplwaman.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Dijans yo, ak enjenyè dlo rejyonal yo an eta dalèt epi yo ap siveye sitiyasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn kote li pwobab pou tanpèt la afekte a yo. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan motonèj yo, ak veyikil sèvis piblik yo, prè pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Depatman Sèvis Piblik an kontak ak chèf egzekitif sèvis piblik pou asire ke sèvis piblik yo pare pou move tan, epi li pral suiv ak atansyon efò k ap fèt pou prepare tanpèt pou asire ke sèvis piblik yo pare pou minimize enteripsyon e fè reparasyon rapid. Sèvis piblik elektrik ak gaz, menm jan tou ak founisè sèvis telekominikasyon, tankou Verizon, pare pou mete pèsònèl adisyonèl pou minimize enteripsyon sèvis, si yo rive.

Konpayi sèvis piblik New York yo gen yon baz deja ki gen 4,300 travayè ki disponib pou efò retablisman yo, jan sa nesèsè. Konpayi sèvis piblik yo sou alèt epi y ap siveye depre pandan tanpèt la ap devlope, epi yo pral deplwaye ekip retablisman yo kote yo bezwen yo. Pèsònèl nan Depatman an pral kontiye sipèvize efò sèvis piblik yo pandan evènman tanpèt la.

Sèvis Piblik pare pou reponn 24 sou 24 lè gen pa-n kouran e yo egzije yo pou mete sou pye yon plan repons ijans, lè sa nesèsè, sa ki gen ladan kontakte kliyan ki sou ekipman sipò lavi ak lòt kliyan frajil.

Konpayi gaz ak elektrisite ka bay kliyan enfòmasyon sou siklòn ak sekirite ouben kliyan ka rele Sant Dapèl Depatman an pou jwenn enfòmasyon. Ou ka rele Liy Asistans PSC a nan 1-800-342-3377.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)